



Konsantman pou Tretman avèk BRIXADI®

Buprenorphine se yon medikaman yo itilize pou trete twoub ki lye ak konsomasyon eksestif opyoyid. Se yon opyoyid ki redui anvi ak sentom sevraj epi ki bloke efè opyoyid ki pi pisan ak pi danje yo yon fason pou redui risk ovèdoz yo. Yo ka pran Buprenorphine nan sou fòm konprime oswa yon kapsil chak jou oswa pa mwayen enjeksyon nan kò w (anba po). Fòmilè konsantman sa a pale sou enjeksyon chak mwa a yo rele BRIXADI®.

Yo ka itilize Buprenorphine pou jesyon dezentoksikasyon oswa pou tretman konplèmantè. Twoub konsomasyon eksestif opyoyid se yon maladi kwonik, epi tretman konplèmantè ak buprenorphine ka kontinye toutotan sa nesèsè nan yon kad medikal. Yo remake pase plis tan nan tretman an abouti ak pi bon rezilta pou pasyan an. Yo rekòmande pou tretman avèk buprenorphine lan dire omwen sis (6) mwa.

BRIXADI® se yon fòm buprenorphine avèk liberasyon ki pwolonje ki prezante sou de (2) fòm: yon enjeksyon chak semèn ak yon enjeksyon chak mwa.

- Yo bay BRIXADI® pa semèn nan chak 7 jou. Gen kat (4) dòz diferan ladann: 8mg, 16mg, 24mg, ak 32mg.
- Yo bay BRIXADI® pa mwa a chak 28 jou. Gen twa (3) dòz diferan ladann: 64mg, 96mg, ak 128mg.

Ekip klinik ou a ap detèmine avè w sou ki frekans (pa semèn oswa pa mwa) ak dòz ki pi bon pou ou a. Yo ka bay tou de melanj BRIXADI® pa mwayen enjeksyon anba po nan youn nan kat (4) zòn sa yo: vant, dèyè, kwis, oswa pati siperyè bra.

Isit la w ap jwenn enfòmasyon pou pasyan ou bezwen konnen an sou BRIXADI® ak efè segondè li yo. Nou ap egzamine dokiman sa a avèk ou anvan nou mande w pou siyen fòmilè pou tretman sa a.

Mwen te li fòmilè sa a ak fòmilè medikaman pasyan an oswa yo te li yo pou mwen. Mwen konprann sa yo di a. Yo te ban m okazyon pou poze kesyon. Yo te reponn tout kesyon mwen yo. Mwen kwè mwen genyen ase enfòmasyon pou bay konsantman m pou enjeksyon BRIXADI® la. Lè mwen siyen fòmilè sa, mwen otorize ekip klinik mwen an fè enjeksyon BRIXADI® anba po nan youn nan kat kote sa yo—vant, dèyè, kwis oswa pati siperyè bra—selon sa ki apwopriye yon kad medikal.

Siyati Pasyan

Dat

Siyati Founnisè

Dat

Dokiman sa a te repwodwi avèk otorizasyon Boston Medical Center epi li soti nan:
Loukas, V., Jodat, A., & LaBelle, C.T. (2024) *Gid Aplikasyon Buprenorphine ki Enjektan ak Liberasyon Pwolonje (Buprenorphine Extended-Release Injection Implementation Guide)*. Manyèl tretman ki pa pibliye. BOSTON MEDICAL CENTER
Manyèl sa a oswa tout lòt dokiman ki gen ladan l yo pa ranplase yon desizyon medikal avize yon founnisè kalifye apwopriye pran.